

Konte Miami-Dade, bonswa e byenvini nan bèl Tropical Park nou an.

Bienvenidos.

Byenvini.

Mwen kontan anpil pou mwen la avèk nou tout aswè a ak tout moun ki ap patisipe vityèlman nan tout Konte a, pandan nou ap gade tout sa nou te akonpli ansanm ak tout sa nou espere ki ap vini.

Mèsi, Prezidan Oliver Gilbert, pou bèl entwodiksyon an epi mèsi a Vis Prezidan Anthony Rodriguez dèske li akeyi nou isit la nan distri lakay li, Distri 10 ak Direktè Nardi MC nou an. Mwen fyè pou mwen avèk ou isit la nan rejyon lwès Konte enkwayab nou an. Kòm ou ka wè, ane sa a nou chwazi fè yon diskou nan aswè pou otan ke posib nan rezidan nou yo kapab patisipe avèk nou an pèsòn e sou entènèt.

Se pa yon aza si nou chwazi Tropical Park pou premye diskou an pèsòn mwen sou Eta Konte a kòm majistra ou. Se **pak pèp la**, yon bijou nan kominote nou an – epi li se senbòl tèlman bagay ki fè Miami-Dade fò ak espesyal, epi li montre gouvènman Konte a nan sa nou genyen ki pi bon.

Tropical Park se zantray repons kominote nou an pandan pandemi an. Yo ofri sèvis tès ak vaksinasyon pou rezidan nou yo, e sa ap kontinye jouk jodi a.

Se yon plas ke moun ki soti nan tout sektè nan lavi renmen – soti nan timoun ki ap fè espò, granmoun aje ki ap pran klas egzèsis fizik, fanmi ki ap jwi lak yo ak anbyans nan lanati – li menm bayabri pou espès ki an danje ke moun ka jwenn sèlman nan Miami-Dade. Se yon espas vèt enpòtan ki se byen nou tout, rezidan nou yo. Epi an patenarya avèk Vis Prezidan Rodriguez, nou ap

kontinye investi nan bèl Tropical Park la epi chèche nouvo fason pou aktive espas piblik sa yo.

Mwen te ale nan eleksyon pou mwen vin majistra ou pou mwen rann gouvènman Konte a pi transparan e efikas pou TOUT rezidan. Yon gouvènman ki benefisye konfyans ou, ki rann kominote nou an pi an sekirite, epi ki ede rezidan ak biznis yo pwospere atravè sèvis klas mondyal ke nou bay e ke ou merite.

De dènye ane sa yo, nou te fè fas ak defi enprevi avèk fòs ak kouraj, pandan nou apiye sou sa ki ini nou olye de sa ki divize nou.

Ane pase, Miami-Dade te sòti nan pandemi an e li te antre nan yon kwasans san parèy. Nou te fè fas ak yon kriz nasyonal abòdabilite, nou te lanse pwogram pou sove lavi epi nou te pran dispozisyon pou plizyè dizèn milye nouvo inite lojman pou asire ke tout rezidan, kèlkeswa nivo revni ou, kapab gen mwayen pou viv ak pwospere isit la.

Kòm fanmi yo te fè fas ak ogmantasyon pri lavi, nou te pase yon **rediksyon taks istorik** - premye rediksyon taks sou pwopriete nan plis pase yon deseni, ak pousantaj konbine ki pi ba depi 1982 - pou mete plis lajan nan pòch OU.

Pandan ke lòt gwo rejyon yo te gen yon ogmantasyon vyolans ak zam ane pase, Miami-Dade te kenbe pi rèd pwogram prevansyon vyolans ki te fè siksè a – e kounye a, nou gen youn nan pousantaj vyolans ak zam ki pi fèb nan tout gwo zòn metwopolitèn nan peyi a.

Nou te fè tout bagay sa yo nan tèt ansanm, atravè sektè piblik ak prive, atravè vil yo ak depatman Konte yo, pou fè Miami-Dade vin meye kote nan peyi a pou moun viv, elve yon fanmi, ak louvri yon biznis.

De ane pase, mwen te pwomèt ou ke nou t ap genyen lavikwa sou lavni. E nou nan pwosesis pou nou genyen. Nou te bay rezilta. Nou soti nan yon pandemi mondyal kòm youn nan ekonomi ki pi remanbre nan nasyon an. Nan fen ane pase a, Konte Miami-Dade te gen yon to chomaj 1.5%, ki pi ba pase tout lòt gwo zòn iben nan peyi a, li soti nan 3.3% nan mwens pase yon ane. **Miami-Dade tounen nan travay angranjan!**

Nou dwe pwofite moman sa a pou nou remèt yon ekonomi ki mache pou TOUT MOUN, e kote tout moun LIB pou yo pwospere. Queremos una economía donde todos tengan la LIBERTAD para prosperar.

Ou MERITE yon gouvènman ki kenbe ou an sekirite, ki pwoteje pòch ou, epi ki investi nan avni nou pataje a pou pitit ou ak pitit pitit ou ka viv nan lapè ak pwosperite.

Kisa avni sa a sanble? Se yon avni kote **kwansans ekonomik ak inovasyon pa kite pèsonn dèyè.** Kote **sekirite piblik se yon priyorite san pran souf.** Kote tout moun jwi LIBÈTE KONT VYOLANS kèlkeswa zipkòd kote w ap viv. Kote nou **bati pou lavni** - avèk lojman ou kapab peye, transpò piblik fyab ki mennen ou kote ou bezwen ale, ak enfrastrikti ki pare pou chanjman klimatik e ki pwoteje anviwònman nou an pou ane ki ap vini yo.

Mwen pa pale avèk ou jodi a avèk sèlman espwa, men avèk plan reyèl pou fè vizyon nou genyen pou lavni vin yon reyalite – pou konstwi Miami-Dade ou merite a.

De ane pase, avni ekonomik nou an pa t sèten. Jodi a, nou soti nan pandemi an avèk yon ekonomi ki ap grandi e divèsifye.

Men, mwen byen konsyan ke tout moun pa santi sa menm jan. Twòp fanmi ap lite avèk ogmantasyon pri lavi.

Se pou sa mwen kenbe tennfas pou **pwoteje pòch ou.**

Mi prioridad es proteger sus bolsillos.

Otòn ki sòt pase a, Konsèy Komisyonè Konte a te apwouve **rediksyon taks istorik mwen an** – redui pousantaj milyèm sou valè taksab pwopriyete pou premye fwa nan yon deseni – yon rediksyon prèske **\$25 milyon taks sou pwopriyete**.

Epi nou DOUBLE investisman nou nan pwogram Save our Seniors – nou voye chèk bay plis pase 25,000 granmoun aje pou ede yo peye fakti yo.

Anpil moun te voye yon nòt rekonesans ki ekri alamen ki chofe ke mwen - mwen renmen sa anpil.

Nou konnen ke Miami-Dade nan episan yon kriz nasyonal abòdabilite - se pou sa nou devan TOU nan solisyon zafè lojman.

Nan mwa avril, mwen te lanse plan **Building Blocks** pou ranfòse pwoteksyon epi ogmante kantite mendèv ak lojman abòdab. Nou ap **travay dirèkteman avèk konstriktè prive pou akselere** nouvo devlopman sou twa pwochen ane yo.

Nou te pase yon bidjè ki gen ladann plis pase demi milya dola nan solisyon pou elaji lojman ke moun kapab peye – avèk prèske 32,000 inite lojman ki nan pasaj – ak soulajman pou moun ki gen difikilte yo.

ERAP (Emergency Rental Assistance Program) **te ede 22,000 fanmi rete lakay yo**. Pwogram nan te tèlman reyisi, nou te ogmante elijibilite a epi nou kontinye jwenn nouvo fon nan men gouvènman federal la!

Sa fè yon gwo diferans nan lavi fanmi ki bezwen èd pou premye fwa - tankou Carmen, yon manman nan zòn Dadeland ki fèk elijib pou ERAP.

Li pataje yon apatman avèk pitit gason li, yon etidyan kolèj aplentan. Li te fè plizyè djòb pandan pandemi an men li te ap lite

pandan 3 djòb te vin 1. Fanmi li pa t janm bezwen asistans pou lwaye anvan, men lwaye Carmen te ap ogmante, e yo te manke opsyon. Avèk ekspansyon pwogram ERAP la, li te kapab jwenn èd. Pou Carmen ak pitit gason li, se te yon reyèl sovtaaj. Nou kontan anpil ke Carmen te kapab avèk nou jodi a.

Ane pase, nou te travay avèk Konsèy Komisyonè Konte nou an ak militan kominotè yo pou nou te adopte premye Deklarasyon Dwa Lokatè nou an.

Nou te adopte lejislasyon ki egzije 60 jou avi alekri bay lokatè yo anvan kèlkeswa gran ogmantasyon pri lwaye.

Epi nou te lanse nouvo Biwo Militans pou Lojman an, pou ede rezidan yo naje soti nan nesosite lojman yo.

Mwen fyè anpil de pwogrè nou fè ansanm. An 2023, nou ap devwale plis pwogram pou sipòte tout moun ki ap fè fas ak gwo depans pou lojman – soti nan fanmi klas mwayèn rive nan fanmi ki gen revni fèb.

Mwen espere travay ansanm avèk Komisyonè Marleine Bastien, patnè kominotè mwen pou plis pase 40 ane, pou kontinye jwenn solisyon antanke nouvo prezidan komite lojman an.

Nou ap pran mezi imedyat tou pou pwoteje pwopriyetè kay kont fwod asosyasyon ki menase dirèkteman pòch ou.

Nan fen mwa sa a, nou pral lanse nouvo tablodbò sou entènèt nou an pou kondò ak HOA – ki te kreye grasa lidèchip Komisyonè Rene Garcia – pou ogmante transparans pou kondò ak pwopriyetè kay yo. Eskwad kont Fwod Polis Imobilye nou an ap kontinye envestige aktivman krim sa yo ansanm ak patnè nou yo nan Biwo Pwokirè Eta a.

Pandan nou ap aji nan nivo lokal, nou ap ankouraje lidè eta nou yo pou yo pouse refòm pou pwoteje pwopriyetè kay yo epi ede nou takle fwod.

Nou ap redui kou lojman ak amelyore djòb... nou ap bati yon ekonomi ki fonksyone **pou tout moun**: yon ekonomi pwospè, enklizif ki reponn ak defi jodi a, epi yon ekonomi rapid ki chita sou inovasyon, ki pare pou lavni.

Ayewopò ak pò nou an ap rebondi pi byen pase anvan. Sèlman de ane apre vwayaj ayeryen te diminye nan nivo istorik ki ba, Ayewopò Entènasyonal Miami te gen ane pi aktif ke li te janm genyen avèk plis pase 50 milyon pasaje! PortMiami te akeyi plis pase 4 milyon pasaje kwazyè e li kòmanse ane sa a ak SENK nouvo bato epi li fasil pou yo branche sou kouran rivaj la pou redwi polisyon.

Mond lan ap dekouvri sa nou te toujou konnen –Miami-Dade se pi bon kote pou moun viv nan peyi nou an. Konpayi Fortune 500 yo ap demenaje pou vin isit la epi yo pote nouvo opòtinite pou mendèv nou an. Nou vle tout rezidan nou yo gen yon franch nan gato a.

Se pou sa mwen te lanse Plan Future Ready Miami-Dade – pou **bati ekonomi avni an jodi a**. Li gen 3 poto: ranfòse kapasite mendèv lokal nou an, sipòte ti biznis nou yo, ak demare pouvwa inovasyon.

Apwòch kolaboratif sa a se yon apwòch kote tout moun genyen (**Win Win Win**): biznis jwenn yon mendèv dinamik; ou menm, rezidan yo jwenn plis travay nan domèn ki ap grandi pi rapid yo; epi kominote nou an ap pwospere.

Paske inovasyon ka rive nenpòt kote... li ka rive nan gouvènman Konte nou an. Nou bezwen yon Gouvernman aktif ki konn sa l ap fè, ki asosye avek sektè prive.

Se pou sa jodi a mwen kontan pou mwen anonse Otorite Inovasyon Miami-Dade.

Otorite Inovasyon se yon òganizasyon san bi likratif ki etabli avèk finansman inisyal 3 milyon dola chak ki soti nan men John S. and James L. Knight Foundation, fondatè Citadel, PDG Ken Griffin, ak Konte Miami-Dade. Otorite a pral bay sibvansyon a konpayi ki ap travay pou rezoud pwoblèm ijan nan zafè klima, sante, lojman, transpò piblik, elatriye. Yo va envite konpayi pou yo lanse nouvo teknoloji avèk Konte a – ide rapid sou pwoblèm enpòtan kominote nou an ap fè fas.

Prezidan Gilbert avèk mwen pral pote lejislasyon Otorite Inovasyon an devan Konsèy Komisyonè Konte a nan mwa mas, e mwen espere travay avèk kòlèg mwen yo nan Komisyon an pou mete pwogram sa a kanpe.

Avèk pwogram pilòt ak yon ouvèti pou solisyon kreyatif, nou ap chanje fason gouvènman an fè biznis lè nou envite biznis yo teste ak lanse inovasyon yo AVEK nou. Apwòch sa a pral avanse inovasyon lokal rapid epi bay antreprenè yo yon chemen kwasans. Nou ap rann li pi rapid e pi fasil pou moun inove nan Konte a epi nou pral pozisyonè Miami-Dade plis kòm yon destinasyon klas mondyal pou konpayi ki gen gwo kwasans.

Mèsi a Knight Foundation ak Ken Griffin pou gwo investisman sa a nan fason inovatè pou rezoud pwoblèm isit la nan Miami-Dade!

Pou asire ke tout rezidan gen djòb ki byen peye, nou bezwen ekipe jèn yo pou yo reyisi nan kèk nan endistri a pi gwo kwasans nan Miami-Dade. - tankou teknoloji, Ospitalite, ak konstriksyon.

Nou ap travay avèk Beacon Council, chanm kòmès nou yo, gwo ak ti biznis yo, CareerSource, kolèj ak inivèsite nou yo pou fòme rezèv talan yo.

Ane pwochèn – anplis estaj nan teknoloji ak travay pandan ete – nou pral kreye aprantisaj nan konstriksyon sou pwojè

Konte a pou elèv lekòl segondè yo, an kolaborasyon avèk Lekòl Piblik Konte Miami-Dade ak patnè nan travay nou yo.

Aksè a debi elve pa te janm te enpòtan konsa pou regle divizyon dijital la. Entènèt a gran vitès ta dwe yon bagay regilye tankou dlo ak elektrisite. **Jodi a mwen kontan pou mwen anonse yon Plan Daksyon Debi Elve ak Ekite Dijital**, avèk patnè nou yo nan Miami Foundation ak Miami Connected, ki mete yon estrateji pou konekte chak katye avèk entènèt rapid e bon mache. Nou fè sa tou yon egzijans nan tout nouvo lojman Konte finanse.

Nan tout pwogram nou yo, mwen asire ke Konte a depanse lajan w nan sa ki gen rapò ak valè nou yo. Nou ap elaji akizisyon ki baze sou objektif – kidonk plis dola Konte a ale nan ti biznis lokal ak nan konpayi ki angaje nan pwoteje anviwònman nou ak travayè nou.

Ekip mwen an ap redui tou **fòmalitye administratif** pou konstwi **yon ekosistèm ki bon pou biznis**.

Se pou sa nou te lanse pwogramasyon ki sipòte ti biznis yo nan chak etap - depi kòmansman jiska kwasans.

Nou pran lidèchip nasyonal la avèk pwogram *STRIVE305* nou an – lè nou ekipe antreprenè ak pwopriyetè ti biznis avèk aksè a kapital, fòmasyon, elatriye.

Tankou Natacha Metayer – natif natal Miami-Dade, bijoutye, ak pwopriyetè biznis aplentan! Biznis li a, JNCY Jewelers, fèk soti nan yon biwo adomisil pou ale nan distri bijou Anba Laval nou an.

Pandan li te ap travay aplentan, Natacha te kòmanse pouswiv rèv li pou lo te vin yon bijoutye avèk kofondatè e frè li, Jonas, **ki la avèk nou aswè a**. JNCY te resevwa yon preparasyon patikilye, li te aprann nouvo konpetans ak rezotaj akselere atravè Strive305.

Kounye a, Natacha gen menm pi gwo rèv pou li vin yon evalyatè ak fè yon limyè briye sou plis jèn fi ki se bijoutye. An 2023,

konpayi an gen pwojè DOUBLE revni kwasans li. Mwen fyè dèske mwen mete yon bèl pè zanno yo aswè a. Tanpri, ede mwen bay yon gwo aplodisman pou JNCY!

Strive 305 te sèvi plis pase 5,000 ti biznis. Nan mwa desanm, li te pase nan etap vityèl. Epi nou ap travay pou ogmante kapasite tout sa ki ap reve yo. Gras a lidèchip Komisyonè Raquel Regalado, nou te lanse pwogram estaj EmployAbility pou ede plis moun ki gen andikap bati karyè ki gen siksè isit la nan Konte nou an.

Pa janm gen yon pi bon moman pase sa pou yon antreprenè nan Miami-Dade. Mwen pral kontinye fè tout sa ki posib pou ede ti biznis nou yo **bati lavni.**

Mwen te pale anpil sou kreye pwosperite... men nou pa ka pataje PWOSPERITE si nou pa gen LAPÈ.

Pou vrèman gen pwosperite, tout rezidan yo **merite viv nan katye kote yo santi yo an sekirite e anpè.**

Se pou sa nou te aji rapidman pou anpeche tandans nasyonal vyolans ak zam ki te ap vale teren an, pou nou te lanse **pwogram sekirite** piblik ki abòde rasin kòz vyolans yo. Nou ap fè Miami-Dade Konte ki pi **fò e pi an sekirite** nan tout peyi a.

Este será el condado más seguro del país.

Kolaborasyon avèk lapolis nou an se yon bagay ki esansyèl pou nou reyalize vizyon sa a. Nou pa janm ka peye an retou sakrifis Depatman Lapolis Miami-Dade fè chak jou, men nou dwe toujou sonje. Trajikman, ane sa a te premye nan plis pase yon deseni ke youn nan ofisyè nou yo te pran bal epi mouri nan egzèsis fonksyon li. Detektif Cesar Echaverry, oswa Echy, te pèdi lavi li nan mwa out pandan li te ap sèvi nan Kò Entèvansyon kont Vòl, youn nan pòs enpòtan nou yo. Nou kontinye anbrase fanmi li ak moun li te renmen yo pandan nou ap selebre ansanm eritaj li.

Mwen rekonesan anvè Komisyonè Roberto Gonzalez paske li patwone lejislasyon pou nonmen yon ri nan onè li.

Li apwopriye pou aswè a, nou rasanble devan Memorial Lapolis la, ki klere an ble dèyè mwen, ki te etabli an 1980 pou onore ofisye nan chak ajans fòsdelòd ki te tonbe atravè Miami-Dade. Tanpri, akonpanye mwen nan yon moman silans pandan nou ap sonje Echy.

Nou kontinye investi nan Operation Community Shield – retire plis pase 2,500 zam nan lari nou yo. Nou ogmante pwoteksyon nan kominote ki pi afekte pa vyolans ak zam yo. Nou te investi nan nouvo kapasite lapolis. Efò sa yo montre rezilta reyèl – yon diminisyon prèske 42% nan fiziyad nan Miami-Dade ki pa enkòpore pandan 30 semèn apre lansman pwogram nan.

Plan inovatè Lapè ak Pwosperite nou an, ke Komisyonè Keon Hardemon dirije, ki nan twazyèm ane li kounye a, se yon investisman alontèm nan prevansyon, entèvansyon ak re-ensèsyon - **kreye opòtinite patikilyèman pou jèn ki a risk.**

Nou ap wè rezilta: Premye ane Plan an te asosye ak mwens fiziyad nan Miami-Dade ki pa enkòpore ak اساسina ki gen rapò ak zam nan tout konte a.

Nan pwogram prensipal Pè ak Pwosperite nou an, **Fit2Lead**, yo anboche etidyan pou travay pandan ete ak djòb apre lekòl, epi lè yo bezwen sa, yo resevwa sèvis jesyon dosye tou. Meyè pati a? Yo jwenn bon salè pandan yo ap fè sa.

Tankou Mario, yon jèn 16 ane ki te antre nan Sèvis Jivenil avèk yon akizasyon pou bat moun. Apati de sa, konte a te konekte li avèk sèvis sipò. Atravè Fit2Lead, Mario te jwenn yon travay!!! nan North Central Library. Apre kèk mwa sèlman, konpòtman li ak nòt li te amelyore, epi li pa t gen pwoblèm ankò avèk lalwa.

Mwen fyè dèske mwen genyen avèk nou isit la aswè a yon gwoup entèn Fit2Lead, ki tankou Mario, ap pran kontwòl lavi yo. Entèn yo, tanpri kanpe! Tanpri, ede mwen bay yon gwo aplodisman pou lidè Fit2Lead nou yo!

Sibvansyon Safe in the 305 community - yon lòt pwogram Pè ak Pwosperite – se rezidan ki fè yo e se pou rezidan yo fèt. Nan ane pase a, sibvansyon sa yo te sèvi pou retire grafiti nan Brownsville, revitalize yon jaden kominotè nan Goulds, fè netwayaj nan Little Havana ak Little River, ak ankouraje byennèt emosyonèl nan Opa-Locka, pou nou pale de sa yo sèlman.

Mèsi, Komisyone Kionne McGhee, pou sipò kritik ou. Ou se yon lidè depi lontan nan prevansyon vyolans atravè South Dade ak atravè kominote nou an...

Travay nou te jwenn atansyon nasyonal. Miami-Dade se youn nan 16 rejyon sèlman atravè peyi Etazini ki ap patisipe nan Entèkansyon Kolaboratif kont Vyolans nan Kominote Mezon Blanch lan – nou ap pataje siksè lokal nou yo ak aprann nan men lòt moun.

Nou gen anpil pwogram eksepsyonèl epi nou vle asire ke TOUT rezidan nou yo ka itilize yo. Se pou sa pwogram Idantifikasyon Kominotè nou an tèlman enpòtan – li pèmèt moun yo idantifye tèt yo epi jwenn aksè nan bèl bibliyotèk piblik nou yo, pas transpò piblik pou granmoun aje, ak anpil lòt bagay ankò. Gras a Bibliyotèk ak Sikisal Bibliyotèk Piblik Miami-Dade, patnè san bi likratif nou an, plis pase 1,200 rezidan te resevwa sèvis depi Oktòb!

Yon kominote ki an sekirite vle di tou youn ki pa gen rayisman ak entolerans. Avèk ogmantasyon twoublan krim rayisman ki gen ladan antisemis nan tout peyi a, Miami-Dade kontinye kanpe djanm devan enjistis, li deklare byen fò ke konte nou an se yon kote ki an sekirite pou TOUT MOUN.

Mwen fyè dèske mwen se premye majistra jwif ou ak premye majistra fanm ou – e ansanm, mwen konnen nou ka anpeche ogmantasyon rayisman sa a.

Nan redui krim ak mete kominote nou an bò tab la, nou ap di WI pou yon Miami-Dade ki pi fò, ki pi an sekirite.

Pandan nou ap bati pou lavni, nou dwe bati yon Konte ki konekte, ki rezilyan nan zafè klima epi ki PARE POU LAVINI.

Soti Aventura rive Homestead, soti Doral rive South Beach, **bon transpò piblik rankontre moun kèlkeswa kote yo ye.** Nou ap avanse rapid nan konstwi koridò transpò piblik ki va pi byen konekte nou epi retire plis oto sou wout la.

Yon mès espesyal pou Komisyone chanpyon transpò piblik nou an Eileen Higgins ki ap ede nou nan direksyon yon avni ki pi mobil.

Ane sa a nou reimajine plan pou konstwi Baylink soti Miami rive Miami Beach. Pandan nou ap travay ansanm avèk Prezidan Komisyon Konte a, Oliver Gilbert, nou ap akselere delè nou an pou nou konstwi Koridò Nò Metrorail la jiska wout liy Konte a, avèk arè nan katye sou wout la, akonplisman yon pwomès 30 ane.

Konstriksyon nouvo estasyon transpò piblik yo sou Koridò Sid la ap mache. South Dade TransitWay pral konekte pwent sid sistèm MetroRail nou an lè li sèvi avèk yon flòt otobis totalman elektrik ki sanble ak tren ki fèt espesyalman pou anbakman rapid ak mobilite trankil, san polisyon.

Nan pwent lwès la, nou te louvri pak-and-ride Tamiami an, lè nou lanse dezyèm wout otobis eksprès nou an pou konekte zòn rezidansyèl yo ak anba lavil la avèk yon liy rezève pou otobis Sa fè te ekonomize tan epi bay estrès yon bwa long kenbe.

Nou ap invest nan sa ki alimante lavni – konvèti flòt Konte nou an an flòt elektrik epi bati estasyon rechaj elektrik nan tout konte a.

Pou pwoteje siklis ak pyeton nou yo, nou gen yon plan agresif - vizyon zewo - pou amelyore sekirite bisiklèt... e antanke yon moun ki monte bisiklèt souvan pou ale travay, mwen espesyalman sonje tout fason nou dwe fè amelyorasyon pou nou fini avèk lanmò ak aksidan grav nan tout Konte a.

Nan fen ane 2022, nou te gen **plis pase 5,000 nouvo inite** lojman abòdab **ke Konte a finanse** toupri koridò transpò piblik ki te konstwi oswa planifye.

Nou ap di WI pou **libète mouvman ak koneksyon avèk opòtinite.**

Nan Miami-Dade, nou konnen dlo, pak, ak bòn peyizaj nou yo ankouraje ekonomi nou an.

Kèk semèn de sa, nou te pèdi yon chanpyon anviwònman ki te gen yon gwo enpak sou pwoteksyon resous natirèl sa yo. Pandan plizyè dizèn ane, Harvey Ruvin te sèvi non sèlman kòm Grefye nou, men kòm yon sèvitè piblik eksepsyonèl ki te gen atansyon espesyal pou Konte nou an. Harvey, patrimwàn ou an ap viv nan bèl anviwònman nou yo ak nan kè nou.

Li te kenbe nan li menm yon valè ke mwen pataje tou - Investi nan anviwònman nou an se pa sèlman yon bagay ki pratik. Se yon bagay ki enpòtan anpil pou avni nou.

Ansanm ak Komisyonè Danielle Cohen Higgins, mwen ap goumen pou planifikasyon entelijan ki pwoteje Everglades ak Biscayne Bay ak tè agrikòl nou yo ki presye.

Nou ap fè envèstisman istorik lè nou sèvi avèk nouvo fon eta ak federal pou ranvèse plizyè deseni polisyon, anpeche inondasyon, konvèti septik an yon sistèm egou pwòp ak plis ankò.

Mèsi, Komisyonè Micky Steinberg, yon vrè chanpyon anviwonman, ki deja priyore sistèm egou nou an ki gen laj ak lòt refòm enpòtan.

Estrateji Ogmantasyon Nivo Lanmè ak Aksyon sou Klima nou an ki renome entènasyonalman yo se plan pou ekonomi vèt la – ki ap fè bou avanse nan direksyon objektif zewo emisyon gaz a efè tèmik nou genyen pou 2050, ak 50% disi 2030. Nou ap deplwaye enèji solè agresivman nan bilding twa Konte epi nou planifye pou "pase a enèji solè" nan plis pase 28 enstalasyon. Nou ap ensiste sou efò zewo dechè a, travay ansanm avèk Komisyonè JC Bermudez pou jwenn nouvo fason pou redui dechè ak emisyon.

Nou te aktyalize egzijans bilding nou pou konte ogmantasyon nivo lanmè a.

Nou ap reyaji a chalè ekstrèm – ki gen ladan, pou premye fwa, enstale klimatizè a gran efikasite nan inite lojman piblik ki pa t gen klimatizè. Sa pral pwoteje moun ki pi vilnerab yo, sitou granmoun aje, kont enpak chalè ekstrèm yo. Mèsi Komisyonè Kevin Cabrera dèske w te vin patisipe avèk mwen pou anons sa a – depi premye jou nan travay la ou te montre ke w ap defann granmoun aje nou yo ak rezidan lojman piblik yo.

Mwen ap travay avèk patnè piblik ak prive pou reyalize objektif anbisye 30% kouvèti vejetal nou an disi 2030.

Atravè tout pwogrè sa yo – lojman moun kapab peye, transpò piblik ki ap deplase ak vitès ou, ak yon anviwonman ki konsève pou pitit ak pitit pitit ou – nou ap kreye yon Miami-Dade ki respekte pwomès prensipal nou yo: **yon kominote ke nou tout kapab fyè pou nou rele lakay nou, jodi a ak demen.**

Pandan nou fè yon kout je dèyè epi gade devan, toujou gen travay pou nou fè – men Miami-Dade, nou deja pwouve ke nou pare – epi nou ka kòlte ak kèlkeswa defi demen pote lè nou kanpe ansanm.

Yon lespri kolaborasyon se zam sekrè nou an ki pral lanse kwasans nou byen rapid.

Nou gen 13 Komisyone, yo chak pote divès eksperyans ak talan yo sou estrad la, yo ap travay pou pran pi gwo defi nou yo.

Nou gen 34 vil mèveye. Nou kontinye travay ansanm avèk yo pou amelyore kalite lavi pou tout moun.

Nou gen yon Konte ki se yon fanmi enkwayab, yon mendèv ki gen prèske 30,000 moun, ki fè mwen sonje chak jou a kisa bon sèvis piblik sanble. Soti nan ekip ki devan nan konba a – chofè otobis, ofisye lapolis, ponpye, bibliyotekè, travayè sosyal, enjenyè ak plis ankò – rive nan Direktè Depatman nou yo ak ekip lidèchip enpòtan mwen nan Meri Konte a, nou tout jwe yon wòl entegral nan kenbe Miami-Dade an mach, epi mwen enfiniman rekonesan paske ou te koute apèl pou sèvis la.

Mwen vle remèsye tou tout lidè eli lokal, eta ak federal nou yo, lidè biznis nou yo, militan kominote nou yo, enstitisyon san bi likratif, enstitisyon akademik, ak enstitisyon relijye yo pou patenarya ou.

Epi mèsè - rezidan nou yo - mèsè dèske ou mete konfyans ou nan mwen.

Se onè tout lavi m pou mwen Majistra w. Premye fwa mwen te kandida pou Komisyon Konte a, se te avèk yon objektif senp pou amelyore kalite lavi pou elektè mwen yo epi ogmante konfyans nan gouvènman w lan. Souvan mwen reflechi avèk admirasyon e apresyasyon sou gwo konfyans ou mete nan mwen. Tanpri konnen ke mwen ap viv chak jou avèk yon sans gran responsablite pou onore konfyans sa a. Mwen te travay tout karyè mwen pou milite pou timoun yo, fanmi yo ak mendèv nou an, pou ede yo simonte defi yo epi pwospere – e objektif sa a ap kontinye pouse m jodi a.

Depi premye jou a, mwen te apresye opinyom ou e sa pa p janm chanje. Menm lè li pa fasil - vwa ou gen anpil enpòtans pou mwen.

Mwen fè nou pwomès ke anba lidèchip mwen, gouvènman Konte a pral mete OU an premye. Nou va rete ouvè, aksesib, epi nou va kontinye bay rezilta sou bezwen ak priyorite OU.

Ansanm, nou va fè vizyon nou an vin reyelite – **yon Konte ki pi an sekirite... yon Konte ki pi pwospè... yon Konte ki PARE POU LAVINI.**

Yon Konte kote katye nou yo pi an sekirite epi konekte, anviwònman nou an pi bèl e pi rezilyan, **epi tout moun lib pou bati rèv yo.**

Queremos un condado donde todas las personas sean libres de construir sus sueños.

Nou merite yon Miami-Dade ki travay pou nou tout. Kit Konte sa a se nouvo kay ou oswa ou te fè rasin isit la pou plizyè jenerasyon; kit w ap viv nan nò, nan sid, nan lès oswa nan lwès.

Sa se Konte Miami-Dade nou an! Mwen pwomèt pou mwen kontinye travay pi di chak jou pou fè li pi bon pou ou – pou nou tout.

Kidonk, se avèk yon kè ki ranpli ak rekonesans mwen kanpe la devan ou pou mwen ba nou rapò sou Eta Konte a – Eta Konte a **SOLID.**

Ke Bondye beni nou tout, e ke Bondye kontinye beni Konte Miami-Dade.